

KREYOL WITHOUT TOIL:
An introductory course to Haitian Creole

© by Emmanuel W. VEDRINE

Fall 2010

ENTWODIKSYON

Byenveni a kreyòl ayisyen (nivo en)! Ti livrè sa a se jis yon ti apèsi sou sa ki ka kouvri nan «yon kou entwodiksyon kreyòl ayisyen». Sètènman, chak moun ka gen yon rezon ou enterè diferan nan aprantisay yon lang (depan karyè yo, tip travay y ap fè, bezwen pou kominike ak natifnatal ki pale lang lan, vwavaj nan peyi kote lang sa a pale, elt.). Men kèlkeswa rezon ou enterè a, gen yon «pwèn komen» ki se «metriz lang lan» tout moun ta renmen genyen. Nan ka sa a, li enpòtan pou rive memorize maksimòm vokabilè ladan osito posib paske san sa, l ap difisil pou atenn yon nivo konvèsasyon avanse pou esprime ou jan ou ta vle ladan.

Atravè chak leson nan livrè sa a, w ap jwenn «vokabilè» ak «fraz» ki an rapò ak leson sa a. Epi «Lesson 11», ki dènye chapit la, konsantre sou revizyon yon bon valè mo ak fraz pou elèv k ap aprann kreyòl pou teste konesans yo (an tèm ki valè vokabilè ak fraz yo gen tan metrize nan 10 dènye leson yo), kote yo ta kòmanse familiarize ak estrikti de (2) lang yo avan yo ta kontinye nan yon nivo kreyòl entansif ou pi avanse. Apre onzyèm leson an, gen yon seksyon «aktivite kiltirèl» ki santre plis sou «lekti an kreyòl». Li kouvri tèm kouwè: «iswa, pwezi, pyèsèt, blag, pwovèb, anviwonman ak sipètisyon»

INTRODUCTION

Welcome to Haitian Creole (level one)! This booklet is just a look at what can be covered in “an introductory course to Haitian Creole” (Kreyol). Certainly, each person may have a different reason or interest in learning a language (depending on their career, the type work they do, their need to communicate with native speakers of the language, travel in the country where that language is spoken, etc.). But whatever the reason, there is a “common point” which is “mastering the language” everyone one would like to have. So, it’s important to memorize the maximum vocabulary as soon as possible because without that, it will be difficult to reach an advanced level of conversation for the learner to express him/herself the way he /she would like to.

Through each lesson, you’ll find “vocabulary” and “phrases” that are related to that lesson. And “Lesson 11”, the last chapter, focuses on the review of a great deal of words and phrases for learners of Kreyol to test their knowledge (in term of the amount of vocabulary and phrases they have already mastered in the 10 last lessons), where they would start familiarizing themselves with the structure of the two languages before they would continue at an intensive or more advance level in Kreyol. After the eleventh lesson, there is a “cultural activity” section focusing on “reading in Kreyol”. It covers themes such as: “history, poetry, sketch, jokes, proverbs, environment, and superstition”.

Sepandan, travay sa a pa youn ki pral rete la kòm si li ta fini. Non! Se jis yon avangou youn pi gwo travay ki pa twò lwen. Pakonsekan, kòmantè ak kritik lektè yo, e moun k ap itilize livrè a enpòtan dekwa pou devlope plis leson sou diferan sijè, e panse a sitiyasyon patikilye moun k ap aprann youn nan de lang yo va bezwen pou kominike ou esprime yo san pwoblèm.

Mwen swete ou twouve dokiman bileng sa a yon gid ekselan pou ede ou metrize youn nan de lang yo

(E. W. Védrine),

Editè kreyòl ayisyen e fondatè “E. W. Védrine Creole Project”.

However, this work is not going to stop here as a final one. No! It’s just a foretaste of a greater work in the near future. Therefore, the readers’ comments and criticism, and comments from people who are using the booklet will be important in order to develop more lessons on different subjects, and think of particular situations that people who are learning one of the two languages will need to communicate or express themselves without any problem.

I hope you find this bilingual document an excellent guide to help you mastering one of the two languages.

(E. W. Védrine),

Haitian Creole editor and founder of “E. W. Védrine Creole Project”.

ABREVIYASYON

1. *adj* = adyatif
2. *esp* = espresyon
3. *f.* = feminen
4. *m.* = maskilen
5. *pl.* = pliryèl
6. *prov.* = provèb
7. *r.v* = varyant riral
8. *v.* = vèb
9. *vt* = vèb tranzitif
10. || = lekòtrè

ABBREVIATIONS

1. *adj* = adjective
2. *esp* = idiom
3. *f.* = female, feminine
4. *m.* = male, masculine
5. *pl.* = plural
6. *prov.* = proverb
7. *r.v* = rural variant
8. *v.* = verb
9. *vt.* = transitive verb
10. || = opposite

NOTE: Basic Haitian Creole; Creolistics; Haitian Linguistics data; Phrases and idioms in Haitian Creole; Research on Haitian Creole; Teaching materials for Haitian Bilingual Program; Teaching materials For Learners of Haitian Creole.

PREMYE LESON: Alfabè Kreyòl Aysiyen (Pati I : *Part I* -- Vwayèl oral : *Oral vowels* (I); Senbòl AFE* : *IPA** *Symbol* (II); Egzanp an kreyòl : *Example in*

FIRST LESSON: The Haitian Creole Writing system (Part II : *Pati II* -- Tradiksyon mo [nan egzanp III] ak fraz ilistrasyon : *Translation of words [from*

Haitian Creole (III).

(I) (II) (III)

VWAYÈL ORAL : ORAL VOWELS

a /a/ ale, mache (1)
e /e/ ede, pare (2)
è /ɛ/ èni, pèdi (3)
i /i/ itilize, machin (4)
o /o/ ogmante, taso (5)
ò /ɔ/ òlòj, bòne (6)
ou /u/ ouvri (7)

VWAYÈL NASAL : NASAL VOWELS

an /ã/ antre, van (8)
en /ẽ/ enterè, ven (9)
on /õ/ ons, tonbe (10)

DEMI VWAYÈL : SEMI VOWELS

u /y/ uit, zuit (11)
w /w/ wouze, nway (12)
y /j/ yenyen, dyak (13)

KONSÒN : CONSONANTS

b /b/ bote, kaba (14)
ch /ʃ/ chèche, achte (15)
d /d/ doute, tande (16)
f /f/ fouye, dife (17)
g /g/ gade, degi (18)
j /ʒ/ jape, ajite (19)
k /k/ kilbite, rakèt (20)
l /l/ lave, jalon (21)
m /m/ mentni, klima (22)
n /n/ netwaye, kadnase (23)
ng /ŋ/ ling, mang (24)
p /p/ pale, apeti (25)
r /ʁ/ rele, penetre (26)
s /s/ sale, danse (27)
t /t/ tanmen, wete (28)
v /v/ vale, nève (29)
z /z/ ze, egzòtasyon (30)

(1) mache : *to walk*. (3) èni : *hernia*. (4) machin : *car*. (5) taso : *dry meat* (seasoned and grilled). (6) bone : *to mark out* (field, land). (8) van : *wind*. (9) ven : *twenty*. (11)

example III] and phrases to illustrate them).

(1) ale : *to go*. Li lè pou n ale : *It's time to go*. (2) ede : *to help*. M ap vin ede ou : *I am coming to help you*. (3) pèdi : *to lose*. Pa pèdi espwa: *Don't lose hope*. (4) itilize : *to use*. Itilize sa a pito: *Use this one instead*. Machin nan anpàn : *The car breaks down*. (5) ogmante : *to increase*. Yo ogmante pri a : *They have increased the price*. (6) òlòj : *clock*. Li (fè) twazè nan òlòj nan salon an : *It's three o'clock by or according to the livingroom clock*. (7) ouvri : *to open*. Ou ka ouvri pòt la pou mwen silvoulè? : *Can you open the door for me please?* (8) antre : *to enter, get in*. Antre la a: *Enter here*. (9) enterè : *interest*. M pa gen oken enterè fè sa : *I have no interest in doing that*. (10) ons : *ounce*. Mete 2 ons ji nan bibon an pou tibebe a : *Put two ounces of juice in the bottle for the baby*. La a glise, atansyon pou pa tonbe : *It's slippery care, be careful not to fall*. (11) uit : *eight*. Ou ka pot(e) uit pòm ban mwen silvoulè?: *Can you bring me eight apples please?*. Ou gen dizuit ane kounyeya, ou granmoun : *You are eighteen now, you are an adult*. (12) wouze : *to water*. Lanmou se yon flè ki dwe wouze souvan : *Love is a flower that should be watered often*. (13) yenyen : *to mimic*. Lè msye ap pale, li yenyen : *He mimics when he is talking*. (14) bote : *beauty*. Li gen yon bote estraòdinè : *She's extremely beautiful*. (15) chèche : *to look for*. Sa w ap chèche la a? : *What are you looking for here?*. Kibò ou achte li? : *Where did you buy it?*. (16) doute : *to doubt*. Mwen doute Jan ap vin demen : *I doubt Jean is coming tomorrow*. (17) fouye : *to dig*. Chen an ap fouye yon zo : *The dog is digging a bone*. (18) gade : *to look*. Joslin ap gade nan miwa a : *Joslin is looking at herself in the mirror*. (19) jape : *to bark*. Chen sa a renmen jape : *This dog likes barking*. (20) kilbite : *to stumble* : Nou kilbite men nou

zuit : oyster. (13) **dyak** : a) *deacon*. b) jack (automobile). (14) **kaba** : a) *to finish, to finish off, to put and end to*. b) adj. *sold out*. (16) **tande** : a) *to hear*. b) *to listen to*. (18) **degi** (djegi, dyegi, gyegi) : *bonus, extra measure, little extra, supplement (for good measure)*. (19) **ajite** : *to shake to shake up*. (20) **rakèt** : a) *racket (tennis, etc)*. b) *prickly pear (large cactus), nopal*. (21) **jalon** : *surveyor's pole*. (22) **klima** : *climate*. (23) **kadnase** : *to padlock*. (24) **mang** (lanmè) : *mangrove*. (25) **apeti** : *appetite*. (26) **penetre** : *to penetrate*. (27) **danse** : *to dance*. (28) **wete** : *to take out, to remove*. (29) **nève** : *nervous* (30) **ze** : *egg*.

pa tonbe : *We stumbled but we did not fall*. (21) **lave** : *to wash*. Toujou lave men ou avan ou manje : *Always wash your hands before eating*. (22) **mentni** : *to maintain*. Li bon pou mentni kò ou an sante : *It's good to maintain yourself in good health*. (23) **netwaye** : *to clean*. Toujou netwaye kay ou : *Always clean your house*. (24) **ling** : *line*. Pa pile ling nan : *Don't step on the line*. (25) **pale** : *to speak, to talk*. Tibebe a ap dòmi, pa pale twò fò : *The baby is sleeping, don't talk too loud*. (26) **rele** : *to call*. Ou mèt itilize pòtab mwen an pou rele zanmi : *You may use my cell phone to call friends*. (27) **sale** : *(to be) salty*. Lanmè pa vante di l sale : *The sea doesn't brag that it's salty*. (28) **tanmen** : *to begin*. Ki lè ou tanmen travay? : *What time do you start working?*. (29) **vale** : *to swallow*. Pwason an vale zen an : *The fish swallows the hook*. (30) **egzòtasyon** : *exhortation*. Li tande egzòtasyon papa l : *He hears his dad's exhortation*.

DEZYÈM LESON (Fraz ki itil)

1. Mwen pa abitye (abitye)...
2. Tout moun ansanm!
3. lòt fraz
4. Mwen malad.
5. (èske) Ou malad?
6. Mwen fatigue.
7. Ou gen lè fatigue (Sanble ou fatigue).
8. Mwen santi m pa byen.
9. Gen yon bagay ki santi la a.
10. Ann ale!
11. Li twò cho.
12. Pale dousman souple (silvoupèlè).
13. Ou ka pale dousman souple?
14. Pi vit!
15. Al(e) pi vit.
16. Al(e) dousman.
17. Twò vit! (twò rapid!)
18. Ou ale (w ale) twò vit!
19. Li rapid.

SECOND LESSON (Useful Phrases)

1. It is not my custom...
2. Everybody together!
3. other phrases
4. I am sick.
5. Are you sick?
6. I am tired.
7. You look tired.
8. I don't feel well.
9. Something smells here.
10. Let's go!
11. It's too hot! (drink, food, weather).
12. Please, speak slowly.
13. Can you please speak slowly?
14. Faster!
15. Go faster.
16. Go slowly.
17. Too fast!
18. You go too fast!
19. He, she, it is fast.

- | | |
|---|---|
| 20. Mwen pa konprann. | 20. I don't understand. |
| 21. Ou ka repete souple? | 21. Can you repeat please? |
| 22. Ou ka pentire sa a? | 22. Can you paint this? |
| 23. Mwen fò. | 23. I am strong. |
| 24. Mwen fò (entelijan) | 24. I am intelligent. |
| 25. Li fò anpil. | 25. He (she) is very strong. |
| 26. Li fò (entelijan) anpil. | 26. He (she) is very intelligent. |
| 27. Mèsi anpil! | 27. Thank you very much! |
| 28. Pad(e)kwa! | 28. You're welcome! |
| 29. Pa gen pwoblèm! | 29. No problem! |
| 30. Nou pre (pare)? | 30. Are you (group) ready? |
| 31. Wi, nou pre (pare). | 31. Yes, we are ready. |
| 32. Rete la souple. | 32. Stop here please. |
| 33. Rete pou mwen souple. | 33. Stop for me please. |
| 34. Non, nou poko pre (pare). | 34. No, we are not ready yet. |
| 35. Ann ale. | 35. Let's go. |
| 36. Pa ale! | 36. Don't go! |
| 37. Nou prale kounyeya. | 37. We are leaving now. |
| 38. Se tou (pa) Bil. | 38. It's Bill turn. |
| 39. Se tou kilès? | 39. Whose turn is it? |
| 40. Se tou pa mwen (Se tou pa m). | 40. It's my turn. |
| 41. Tou pa mwen. | 41. My turn. |
| 42. Kilès (kiyès) ki vle eseye? | 42. Who wants to try? |
| 43. Ban m eseye (Kite m eseye). | 43. Let me try. |
| 44. Mwen sonje. | 44. I remember. |
| 45. Yo pa sonje. | 45. They don't remember. |
| 46. N ap kenbe kontak. | 46. We'll keep in touch. |
| 47. Babay! (M ale!) | 47. Good bye! |
| 48. N a wè! | 48. See you! (We'll see each other!) |
| 49. N a wè pita. | 49) See you later. (We'll see each other!) |
| 50. Konbyen li koute? | 50. How much does it cost? |
| 51. Konbyen sa a (koute)?
(Ki pri sa a?) | 51. How much is this?
(What's the price for this?) |
| 52. Li koute... | 52. It costs... |
| 53. Li pa chè. | 53. It's not expensive. |
| 54. Li pa chè ditou (Li pa chè menm). | 54. It's not expensive at all. |
| 55. twò chè | 55. too expensive |
| 56. Li twò chè. | 56. It's too expensive. |
| 57. Ou vle bay li pou...? | 57. Will you sell it for...? |
| 58. Se yon piyay. | 58. It's a bargain. |
| 59. Li koute... | 59. It costs... |
| 60. Oke, ou mèt pran li. | 60. O.k., you can take it. |
| 61. Sa pa enpòtan! | 61. That's not important! |
| 62. M ap achte l. | 62. I am buying it (I will buy it). |
| 63. M ta renmen achte l. | 63. I would like to buy it. |
| 64. Eskize m, m pa konprann. | 64. (I'm) sorry, I don't understand. |

- | | |
|-----------------------------------|--|
| 65. Ou konprann? | 65. Do you understand? |
| 66. Nou se Ameriken. | 66. We are Americans. |
| 67. Li se Ameriken. | 67. He is American. |
| 68. Li se Amerikèn. | 68. She is American. |
| 69. Mwen se Ameriken (m) | 69. Mwen se American. |
| 70. Mwen se Amerikèn (f) | 70. I am American. |
| 71. Ki nasyonalitye ou? | 71. What's your nationality? |
| 72. Paspò ou silvouplè (souple)! | 72. Your passport please!. |
| 73. Pa gen anyen m ap deklare. | 73. I have nothing to declare. |
| 74. Ou pa gen anyen w ap deklare? | 74. Do you have anything to declare? |
| 75. Li fè l. | 75. S/he did it. |
| 76. N ap anseye anglè. | 76. We are teaching English |
| 77. N ap aprann kreyòl. | 77. We are learning Kreyol. |
| 78. N ap anseye nan òfelina a. | 78. We are teaching at the orphanage. |
| 79. Kibò (ki kote) n ap anseye? | 79. Where are you teaching? |
| 80. Yo se òfelen. | 80. They are orphans. |
| 81. Mwen renmen ou. | 81. I like you |
| 82. Mwen renmen ou anpil. | 82. I like you a lot. |
| 83. lekti | 83. reading. |
| 84. Ou ka ede mwen? | 84. Can you help me? |
| 85. Mwen ka ede ou? | 85. Can I help you? |
| 86. Kijan mwen ka ede ou? | 86. How may I help you? |
| 87. Ou ka ede mwen souple? | 87. Can you help me please? |
| 88. Mwen pa kapab. | 88. I can't? |
| 89. Mwen vle al(e) nan twalèt. | 89. I want to go to the bathroom (toilet). |
| 90. Kote twalèt la ye la a? | 90. Where is the bathroom (toilet?) |
| 91. Watè kenbe m. | 91. (I have an) Emergency bowel problem |

TWAZYÈM LESON (Kesyon ak «ki»)

- a. kilès (kiyès), ki moun (moun)
- b. kibò, ki kote, kote (lokalite)
- c. kisa (bagay)
- d. pouki, poukisa (koz)
- e. kijan, kòman (kouman (r.v))
- f. kilè (lè)

1. A ki lè?
2. Kilès ki konnen?
3. Kilès moun sa yo ye?
4. Kilès sa a?
5. Kibò ou prale?
6. Kibò ou rete?
7. Kilè w ap kite?
8. Poukisa ou fè sa?

THIRD LESSON (“WH” Questions)

- a. who (person)
- b. where (location)
- c. what (thing)
- d. why (cause)
- e. how
- f. when (time)

1. At what time?
2. Who knows?
3. Who are these people?
4. Who is this?
5. Where are you going?
6. Where do you live?
7. When are you leaving?
8. Why do you do that?

- | | |
|-------------------------------------|---|
| 9. Bonjou! | 9. Good morning! Hello! |
| 10. Kijan ou ye? | 10. How are you doing? |
| 11. Trè byen. | 11. Very well. |
| 12. M la piti piti (M la tou piti). | 12. So, so. (I am there) |
| 13. M la, m ap kenbe. | 13. I am there, holding on (I'm fine). |
| 14. Sa k pase? | 14. What's happening? |
| 15. Oke. | 15. Fine. |
| 16. Kijan ou rele? | 16. What's your name? |
| 17. Mwen rele Bil. | 17. My name is Bill. |
| 18. E ou menm? | 18. And you? |
| 19. Mwen rele... | 19. My name is... |
| 20. Kibò ou soti? | 20. Where are you from? |
| 21. Mwen soti Boston. | 21. I am from Boston. |
| 22. Fanmi mwen soti Tekzas. | 22. My family is from Texas. |
| 23. Kibò ou soti Ayiti? | 23. Where in Haiti are you from? |
| 24. Mwen kontan fè konesans ou. | 24. I am happy to meet you. (Glad meeting you). |
| 25. Kilè m ap wè ou ankò? | 25. When am I going to see you again? |
| 26. Bon vwayaj! | 26. Have a nice trip! |
| 27. M ap tann lèt ou. | 27. I am waiting for your letter. |
| 28. N ap kenbe kontak. | 28. We'll keep in touch. |
| 29. Souple (silvoupè) ekri mwen. | 29. Please write to me. |
| 30. Mwen pa gen adrès ou. | 30. I don't have your address. |
| 31. Mwen ka gen adrès ou, silvoupè? | 31. Can I have your address, please? |
| 32. Ki adrès ou? | 32. What's your address? |

KATRIYÈM LESON (Koulè; Eleman Vèbal (makè); Tanperati; Vèb)

FORTH LESSON (Colors; Markers; Weather; Verbs)

- | | |
|----------------------------------|---------------------------------------|
| (a). ajan | (a). silver |
| Liz gen yon chèn ajan (annajan). | Liz has a silver chain. |
| (b). blan | (b). white |
| blan kou nèj (lanèj) | (as) white as snow, snow-white |
| (c). ble | I. blue |
| ble kou digo | (idiom) - - - |
| (d). ble pal | (d). light blue |
| (e). ble maren | (e). navy blue |
| (f). ble syèl (bledsyèl) | (f). azure |
| (g). flanbwayan ble | (g). jacaranda |
| Ki koulè blouz sa a? | What color is this blouse? (lab coat) |
| (h). ble pal | (h). aqua |
| Ble pal se yon bèl koulè. | Aqua is a nice color. |
| (i). gri | (i). gray |
| Mayo sa a gri. | This T-shirt is gray. |
| (j). jòn | (j). yellow |

jòn kou safran	(idiom) - - -
(k). jòn abriko	(k). orange, apricot (color)
(l). mawon	(l). brown; maroon
Li mete soulye mawon yo.	He, she is wearing the brown shoes.
(m). mov	(m). purple
Ki koulè chemiz Jan an?	What's the color of Jean's shirt?
(n). nwa	(n). black
nwa (nwè) kou sinigal, nwa kou lank	(idiom) to be very dark
(o). oliv	(o). olive
(p). oranj	(p). orange
Ou renmen koulè oranj lan?	Do you like the orange color?
(r). vèr, vèt	r. green
vèt kou powo (pwawo)	(idiom) - - -
(s). wouj	(s). red
wouj kou woukou, wouj kou kamwazi	(idiom) - - -
Ki koulè prefere ou?	What's your favorite color?
Ki koulè ou prefere? (Kilès nan koulè yo ou prefere?).	Which color do you prefer? (Which of the colors do you prefer?).

Eleman Vèbal (Makè)

1. ap = pwogresif
2. pral(e) = fiti ki pa lwen
3. pral(e), va, ava = fiti
4. ta = kondisyon
5. te = pase
6. te ap (t ap) = pase pwogresif

7. M ap manje.
8. M ap vini.
9. Kisa m ap fè kounyeya?
10. Kibò doktè Bèna pral kounyeya?
11. Kisa ou te fè yè?
12. Ou pral avè m?
13. Yo t ap manje lè Bil frape (nan) pòt la.
14. Fè m konnen lè ou prale.
15. Se sa nou va gen pou fè.
16. Ou ava (w ava) di l rele m.
17. Pral gen yon tanpèt.
18. Ap gen move tan demen.

Markers

1. ap = progressive
2. pral(e) = near future
3. pral(e), va, ava = future
4. ta = condition
5. te = past
6. te ap (t ap) = past progressive

7. I am eating.
8. I am coming.
9. What am I doing now?
10. Where is Dr. Bernard going now?
11. What did you do yesterday?
12. Are you going with me?
13. They were eating when Bill knocked at the door.
14. Let me know when you are leaving.
15. That's what we will have to do.
16. (you will) Tell him to call me.
17. There will be a storm.
18. There will be bad weather tomorrow.

Tan, Tanperati

- a. Kijan tan an ye?
- b. Kijan tan an ye jodiya?
- c. Kijan tan an ye deyò a?
- d. Li fè bo (Li fè bon, li bèl).
- e. Li (fè) cho.
- f. Li (fè) cho anpil.
- g. Li fè frèt (li fè fwa)
- h. Li (fè) fre.
- i. move tan
- j. L ap fè nèj (Nèj ap tonbe).
- k. L ap fè lapli (Lapli ap tonbe).
- l. Wi, l ap fè lapli kounyeya.
- m. Non, li p ap fè lapli kounyeya.
- n. L ap fè van (Gen van).
- o. Van ap vante (Gen van).
- p. Van ap vante fò (gen gwo van)
- q. Gen solèy (Li fè solèy).
- r. Solèy la cho.
- s. Mwen renmen tanperati sa a.
- t. Mwen pa renmen tanperati jodiya.
- u. Ann al nan plaj!
- v. Ou gen linèt solèy?

Vèb

Tradui vèb sa yo an anglè epi itilize yo nan yon fraz.

abite, achte, ale, anseye, bay, bezwen, dejene, deklare, dine, dòmi, rete, ede, eseye, fè, genyen, kenbe, kite, konprann, koute, kwè, leve, manje, mouri, padone, pale, pare, peche, pentire, pran, renmen, repete, santi, sèvi, sonje (chonje), sòti (soti), soupe, tande, tyeke, vante, wè

Weather

- a. How is the weather?
- b. How is the weather today?
- c. How is the weather outside?
- d. It's nice weather.
- e. It's hot.
- f. It's very hot.
- g. It's cold.
- h. It's cool.
- i. bad weather
- j. It's snowing.
- k. It's raining.
- l. Yes, it's raining now.
- m. No, it's not raining now.
- n. It's windy.
- o. The wind is blowing.
- p. The wind is blowing hard.
- q. It's sunny.
- r. The sun is hot.
- s. I like this weather.
- t. I don't like today's weather.
- u. Let's go to the beach!
- v. Do you have sun glasses?

Verbs

Translate these verbs to English and use them in a sentence.

abite, achte, ale, anseye, bay, bezwen, dejene, deklare, dine, dòmi, rete, ede, eseye, fè, genyen, kenbe, kite, konprann, koute, kwè, leve, manje, mouri, padone, pale, pare, peche, pentire, pran, renmen, repete, santi, sèvi, sonje (chonje), sòti (soti), soupe, tande, tyeke, vante, wè

SENKYÈM LESON (Mwa; Jou nan semèn nan; Fraz)

1. Janvyè (se premye mwa nan ane a). Nou nan mwa janvyè. Premye Janvyè se

FIFTH LESSON (The Months; Days of the week; Phrases)

1. January (is the first month of the year). We are in January. January First is

Endepandans Ayiti. Se yon jou ferye.	Independence Day in Haiti. It's a public holiday.
2. Fevriye (se dezyèm mwa nan ane a). Mwa fevriye pote 28 ou 29 jou (pafwa).	2. February (is the second month of the year). The month of February has 28 or 29 days (sometimes).
3. Mas (se twazyèm mwa nan ane a). Jezila fèt nan mwa mas.	3. March (is the third month of the year). Jezila was born in March.
4. Avril (se katriyèm mwa nan ane a). Premye avril se jou pwasondavril.	4. April (is the fourth month of the year). April first is April fool day.
5. Me (se senkyèm mwa nan ane a). Gen lapli an me. (Gen lapli nan mwa me).	5. May (is the fifth month of the year). It rains in May.
6. Jen (se sizyèm mwa nan ane a. Sezon ete kòmanse 20 jen. Vakans ete kòmanse Ayiti an jen.	6. June (is the sixth month of the year). The summer season begins on June 20. Summer vacations in Haiti starts in June.
7. Jiyè (jiye) (se setyèm mwa nan ane a). 4 Jiyè se Jou Endepandans Etazini. Se yon jou ferye Etazini (Ozetazini).	7. July (is the seventh month of the year). July 4 is Independence Day in the U.S. It's a public holiday in the United States.
8. Out (dawou, dout) (se uityèm mwa nan ane a). An(n) out, fèy bwa tonbe.	8. August (is the eighth month of the year). In August, leaves fall.
9. Septanm (se nevyèm mwa nan ane a). Pèp ayisyen pa bliye 30 septanm 1991.	9. September (is the ninth month of the year). Haitians don't forget September 30, 1991.
10. Oktòb (se dizyèm mwa nan ane a). Yanik fèt 23 oktòb.	10. October (is the tenth month of the year). Yanik was born on the 23 rd of October.
11. Novanm (se onzyèm mwa nan ane a). 18 Novanm se «Jou Batay Vètyè», yon jou ferye Ayiti.	11. November (is the eleventh month of the year). November 18, "Battle of Vertière Day", is a public Holiday in Haiti.
12. Desanm (se douzyèm mwa nan ane a). Gen anpil aktivite nan mwa desanm. 24 desanm se yon gwo jou Ayiti. Moun selebre anpil. 31 Desanm se yon lòt gwo jou Ayiti. Se jou moun pi okipe nan ane a. Gen reveyon tout kote Ayiti jou sa a.	12. December (is the twelfth month of the year). There are many activities in December. December 24 is a great day in Haiti. People celebrate a lot. December 31 is another great day in Haiti. That's the busiest day of the year. There is New Year's Eve party everywhere in Haiti that day.

Jou nan semèn nan

1. Dimanch /Anpil moun al legliz le (lè) dimanch.
2. Lendi /Lendi se premye jou travay mwen.
3. Madi /Pa gen lekòl madi.
4. Mèkredi /Kisa w ap fè mèkredi sa a?
5. Jedi /Jedi se jou mache nan kanton sa a.
6. Vandredi /Elèv yo kontan lè vandredi.
7. Samdi /Anpil moun travay (le, lè) samdi.

Fraz

1. Nan ki mwa?
2. Nan ki mwa nou ye?
3. Nou nan mwa jen.
4. Janvyè se premye mwa nan ane a.
5. Ki dènye mwa nan ane a?
6. Gen douz mwa nan yon ane.
7. Ki mwa ki pi kout nan ane a?
8. Jodiya dimanch.
9. Mwen pral legliz.
10. Ou ale legliz?
11. Yè te samdi.
12. Ki jou jodiya ye?
13. Ki jou demen ap ye?
14. Demen ap lendi.
15. Apre demen ap madi.
16. Avanyè (avantyè, avanzyè [r.v])
17. Gen sèt jou nan yon semèn.
18. Ki dat jodiya?
19. Jodiya 29 jen 1997.
20. Kilè dat nesans ou?
21. Mwen fèt... (Dat nesans mwen se...)
22. Jodiya se fèt mwen.
23. Erez anivèsè!

Days of the week

1. Sunday /Many people go to church on Sundays.
2. Monday /Monday is my first day of work.
3. Tuesday /There is no school Tuesday.
4. Wednesday /What are you doing this Wednesday?
5. Thursday /Thursday is market day in this town.
6. Friday /The students are happy on Fridays.
7. Saturday /Many people work on Saturdays.

Phrases

1. In what month?
2. In what month are we?
3. We are in June.
4. January is the first month of the year.
5. What's the last month of the year?
6. There are twelve months in a year.
7. What's the shortest month of the year?
8. Today is Sunday.
9. I am going to church.
10. Do you go to church?
11. Yesterday was Saturday.
12. What day is today?
13. What day is tomorrow?
14. Tomorrow is Monday.
15. The day after tomorrow is Tuesday.
16. Before yesterday was Thursday.
17. There are seven days in a week.
18. What's today's date?
19. Today is June 29, 1997.
20. When is your birthday?
21. I was born... (My birth date...)
22. Today is my birthday.
23. Happy birthday!

Nimewo òdinal)

Sezon yo

1. Prentan (se premye sezon nan ane a). Ki sezon ou pi renmen?
 2. Ete (se dezyèm sezon nan ane a). Mwen renmen ete.
 3. Otòn (se twazyèm sezon nan ane a). Eske l fè van an(n) otòn?
 4. Ivè (se katriyèm sezon nan ane a). Mwen pa renmen ivè. Li fè frèt an(n) ivè.
- a. Chak sezon dire twa mwa.
 b. An(n) Ayiti, n al nan plaj tout sezon.
 c. Nan Boston, n al nan plaj nan sezon ete sèlman.

Numbers; Ordinal numbers)

The Seasons

1. Spring (is the first season of the year). What's your favorite season?
 - 2) Summer (is the second season of the year). I like summer.
 3. Fall (is the third season of the year). Is it windy in Fall?
 4. Winter (is the fourth season of the year). I don't like winter. It's cold in Winter.
- a. Each season lasts three months.
 b. In Haiti, we go to the beach all seasons.
 c. In Boston, we only go to the beach in summer.

Nimewo

- | | | |
|--------------------|--------------------|---------------|
| 1 (en) | 11 (onz) | 21 (venteyen) |
| 2 (de) | 12 (douz) | 22 (vennde) |
| 3 (twà) | 13 (trèz) | 23 (venntwa) |
| 4 (kat) | 14 (katòz) | 24 (vennkata) |
| 5 (senk) | 15 (kenz) | 25 (vennsenk) |
| 6 (sis) | 16 (sèz) | 26 (vennsis) |
| 7 (sèt) | 17 (disèt) | 27 (vennsèt) |
| 8 (uit) | 18 (dizuit) | 28 (ventuit) |
| 9 (nèf) | 19 (diznèf) | 29 (ventnèf) |
| 10 (dis) | 20 (ven) | 30 (trant) |
| 51 (senkanteyen) | (senkannde) | |
| 61 (swasanteyen) | 62 (swasannde) | |
| 71 (swasannonz) | 72 (swasanndouz) | |
| 81 (katreven en) | 82 (katreven de) | |
| 91 (katreven onz) | 92 (katreven douz) | |
| 55 (senkansenk) | 56 (senkansis) | |
| 65 (swasansenk) | 66 (swasansis) | |
| 75 (swasannkenz) | 76 (swasansèz) | |
| 85 (katreven senk) | 86 (katreven sis) | |
| 95 (katreven kenz) | 96 (katreven sèz) | |
| 59 (senkant nèf) | | |

Numbers

- | | |
|---------------------|----------------------|
| 31 (tranteyen) | 41 (karanteyen) |
| 32 (trannde) | 42 (karande) |
| 33 (tranntwa) | 43 (karanntwa) |
| 34 (trannkata) | 44 (karannkata) |
| 35 (trannsenk) | 45 (karannsenk) |
| 36 (trannsis) | 46 (karansis) |
| 37 (trannsèt) | 47 (karansèt) |
| 38 (trantuit) | 48 (karant uit) |
| 39 (trantnèf) | 49 (karant nèf) |
| 40 (karant) | 50 (senkant) |
| 53 (senkanntwa) | 54 (senkannkata) |
| 63 (swasanntwa) | 64 (swasannkata) |
| 73 (swasann trèz) | 74 (swasannkatòz) |
| 83 (katreven twa) | 84 (katreven kata) |
| 93 (katreven trèz) | 94 (katreven katòz) |
| 57 (senkansèt) | 58 (senkantuit) |
| 67 (swasansèt) | 68 (swasantuit) |
| 77 (swasann disèt) | 78 (swasann dizuit) |
| 87 (katreven sèt) | 88 (katreven uit) |
| 97 (katreven disèt) | 98 (katreven dizuit) |
| 60 (swasant) | |

69 (swasant nèf)
79 (swasanndiznèf)
89 (katreven nèf)
99 (katreven diznèf)

70 (swasanndis)
80 (katreven)
90 (katreven dis)
100 (san)

1000 (mil)
10.000 (dimil)

100.000 (sanmil)
100.000.000 (yon milyon)

Nimewo òdinal

Premye (1^e) first (1st)
Dezyèm (2^{èm}) second (2nd)
Twazyèm (3^{èm}) third (3rd)
Katriyèm (4^{èm}) fourth (4th)
Senkyèm (5^{èm}) fifth (5th)
sizyèm (6^{èm}) sixth (6th)
setyèm (7^{èm}) seventh (7th)
uityèm (8^{èm}) eighth (8th)
nevyèm (9^{èm}) ninth (9th)
dizyèm (10^{èm}) tenth (10th)

Ordinal numbers

Onzyèm (11^{èm}) eleventh (11th)
Douzyèm (12^{èm}) twelfth (12th)
Trèzyèm (13^{èm}) thirteenth (13th)
Katòzyèm (14^{èm}) fourteenth (14th)
Kenzyèm (15^{èm}) fifteenth (15th)
Sèzyèm (16^{èm}) sixteenth (16th)
Disetyèm (17^{èm}) seventeenth (17th)
Dizuityèm (18^{èm}) eighteenth (18th)
Diznevyèm (19^{èm}) nineteenth (19th)
Ventyèm (20^{èm}) twentieth (20th)

SETYÈM LESON (Fanmi, Fami, SEVENTH LESSON (Family Lafanmi))

1. fanm
2. fanmi (famiy, lafanmi)
3. fi
4. frè
5. gason
6. granmè (grann)
7. granpè (granpapa)
8. kouzen
9. kouzin
10. madan, madanm
11. madam
12. manman
13. mari
14. mesye (msye)
15. papa
16. tant, matant, tantin
17. tifi
18. timoun
19. tonton (monnonk)
20. zanmi

1. woman
2. family; relative
3. woman; young woman
4. brother
5. man; young man
6. grandma, grandmother
7. grandpa, grandfather
8. cousin (m)
9. cousin (f)
10. (the) wife of...
11. (formal, use as title) Mrs...; lady
12. mother
13. husband
14. Mr; he; guy
15. father, dad
16. aunt
17. girl, little girl
18. child; children (*pl*)
19. uncle
20. friend

- | | |
|---|---|
| a. Li se zanmi mwen. | a. He, she is my friend. |
| b. Ki non zanmi ou an? (...zanmi w lan) | b. What's your friend's name? |
| c. Se zanmi mwen Bil. | c. This is my friend Bill. |
| d. Zanmi mwen an rele... | d. My friend's name is... |
| e. Li se zanmi ou? | e. Is he, she your friend? |
| f. Ou gen frè ak sè? | f. Do you have brothers and sisters? |
| g. Konbyen sè ou genyen? | g. How many sisters do you have? |
| h. Kote frè ou yo? | h. Where are your brothers? |
| i. Konbyen kouzen ou genyen? | i. How many (male) cousins do you have? |
| j. Konbyen kouzin ou genyen? | j. How many (female) cousins do you have? |
| k. Ki non manman ou? | k. What's your mother's name? |
| l. Kijan papa ou rele? | l. What's your father's name? |
| m. Gran paran ou yo la? (Gran paran ou yo ap viv toujou?) | m. Are your grand parents living? |
| n. Se madanm ou? (se epouz ou?). | n. That's your wife? (Is this your spouse?) |
| o. Wi, se madanm mwen (wi, se epouz Owen). | o. Yes, that's my wife. |

UITYÈM LESON (Bay Lè)

1. Ki lè li ye souple?
2. A ki lè ou leve chak jou?
3. Ou gen lè, silvouplè?
4. Mwen leve chak jou a setè.
5. Ou rive alè.
6. A ki lè (yo sèvi) ti dejene a?
7. A ki lè ou al dòmi?
8. Mwen al dòmi a dizè.
9. A ki lè soupe a?
10. Li lè pou (nou) manje.
11. Li inè.
12. Li fè dezè.
13. Li poko twazè
14. A ki lè otobis la ap kite?
15. Avyon an ap kite talè.
16. N ap kite isit la a twazè tapan.
17. Klas kreyòl la kòmanse a sizè.

inè (1:00)
dezè (2:00)
twazè (3:00)
katrè (4:00)
senkè (5:00)

EIGHTH LESSON (Telling Time)

1. What time is it please?
2. What time do you get up every day?
3. Do you have time, please?
4. I get up every day a seven.
5. You arrive on time
6. What time is breakfast served?
7. What time do you go to bed?
8. I go to bed at ten.
9. At what time the supper?
10. It's time (for us) to eat.
11. It's one o'clock.
12. It's two o'clock.
13. It's not tree o'clock yet.
14. What time is the bus leaving?
15. The plane is leaving soon.
16. We are leaving here at three o'clock sharp.
17. The Kreyol class starts at six o'clock.

One o'clock(1:00)
two o'clock(2:00)
tree o'clock(3:00)
four o'clock(4:00)
five o'clock(5:00)

size (6:00)
setè (7:00)
uitè (8:00)
nevè (9:00)
dizè (10:00)
onzè (11:00)

midi
minui
a.m (dimaten, nan maten)
p.m (diswa, nan aswè)

six o'clock(6:00)
seven o'clock(7:00)
uitè o'clock(8:00)
nine o'clock(9:00)
ten o'clock(10:00)
eleven o'clock(11:00)

noon
midnight
a.m (in the morning)
p.m (in the evening)

- Ou al dòmi bonè?
- Mwen pa renmen al kouche ta.
- A ki lè ou leve chak jou?
- Mwen leve chak jou a setè.
- Yo sèvi ti dejene a uitè.
- A ki lè yo sèvi dejene?
- A ki lè nou soupe?
- Nou pral manje a midi.

- Do you go to bed early?
- I don't like to go to bed late.
- What time do you get up every day?
- I get up every day at seven.
- Breakfast is served at eight.
- At what time they serve lunch?
- At what time do we eat supper?
- We are going to eat at noon.

NEVYÈM LESON (Kizin nan; Manje; Fraz)

(I) Batri kizin

batèz : *whisk*
batèze (batèz pou ze) : *eggbeater*
batri kizin : *kitchen utensils*
bokal : *jar*
bòl melanj (bòl pou brase) : *mixing bowl*
bonm (chodyè) : *pot*
bwat an plastik : *plastic storage container*
chodyè : *pan*
eplichè (pou kale viv) : *vegetable peeler*
fouchèt : *fork*
gri pou fè vyann woti : *roasting rack*
kabare : *trade*
kiyè : *spoon*
kiyèbwa : *wooden spoon*
kizin : *kitchen*
kle (pou ouvri boutèy, mamit) : *can opener*
kontwa (pou) salad : *salad bar*
kontwa : *counter*

NINTH LESSON (The Kitchen, Food; Phrases)

(I) Kitchen utensils

kouto pou tranche : *carving knife*
kouvèti : *lid*
louch : *ladle*
meni : *menu*
moul gato : *cake pan*
moul tat : *pie pan*
papyè aliminyòm : *aluminium foil*
papyè plastik : *plastic wrap*
pens : *tongs*
plato pou anfonnen bonbon : *cookie sheet*
près lay : *garlic press*
pwalon (pou) sòs : *saucepan*
pwalon (pwelon) : *frying pan*
tas : *cup*
taymè kizin (pou mezire tan) : *kitchen timer*
tòchon (chodyè) : *pot holders*
vè (pou bwè) : *glass*

kouto : *knife*
kouto pou koupe : *paring knife*

(II) Manje

anmbègè : *hamburger*
anmbègè ak fwomaj (tchizbègè) : *cheeseburger*
bannann peze : *fried plantain*
bè : *butter*
bekonn : *bacon*
benyen : *dough*
biftèk (estek) : *steak*
bonbon : *cookies*
boukannen (sou gri), griye : *to barbecue (grill); to broil*
boutèy dlo (dlo nan boutèy) : *bottled water*
bwason : *drink, beverages*
chalimo : *straw*
cho : *hot*
desè : *desserts*
dine : *dinner; to have dinner*
diri : *rice*
diri kole : *rice and beans*
dlo : *water*
epis : *spice*
espageti : *spaghetti*
farin : *flour*
frèt : *cold*
fri : *fruit 2. to fry*
fridemè : *seafood*
fritay : *fried foods*
fwomaj : *cheese*
gato : *cake*
glas : *ice*
glase : *frozen*
gofrèt : *waffles*
graj : *grater*
grangou : *hunger*
ji : *juice*
ji kokoye : *coconut milk*
ji pòm : *apple juice*
ji zoranj : *orange juice*
kafe : *coffee*
kafe enstantane : *instant coffee*

woulo : *rolling pin*
woulo sèvyèt (an) papyè : *roll of paper towels*

(II) Food

moutad : *mustard*
oma, woma : *lobster*
òtdòg (hotdog, chencho) : *hot dog*
paswa (pou) legim : *colander*
paswa : *strainer*
patat : *sweet potato*
pen griye : *toast*
pen lay : *garlic bread*
pen; pen tranche : *bread; loaf*
piman : *pepper*
pire pòm detè : *mash potatoes*
piz (pidza) : *pizza*
pòm detè : *potato*
pòm detè boukannen : *baked potato*
pòm detè fri : *french fries*
pòm detè fri sèk : *potato chips*
ponmkèt : *muffin*
poudin : *pudding*
poul(è) fri : *fried chicken*
poul(è) woti (griye) : *roast chicken*
pwa : *beans*
pwalon (pou) woti : *roasting pan*
pwason : *fish*
pwason fri : *fried fish*
pwav : *pepper*
resèt : *recipe*
sache (sachè) : *bag*
salad vèr (vèt, vèt) : *green salad; chef's salad*
sandwich : *sandwich*
sandwich fwomaj griye : *grilled cheese sandwich*
sèl : *salt*
sereyal; bwat sereyal : *cereal; cereal box*
sèvyèt (an papyè) : *napkin*
sik : *sugar*
sik atifisyèl : *sugar substitute*
siwo : *syrup*
sosis : *sausage*
sote : *to sauté*

kafe san kefeyin : *decaf coffee*
ketchup (sòs tomat) : *ketchup*
kola (soda) : *soft drink, soda*
krab : *crab; crab meat*
krèm : *ice cream*
krèp : *pancakes*
lay : *garlic*
legim : *vegetable*
legim jele : *frozen vegetables*
lèt : *milk*
lèt malte (lèmalte, chek) : *milk shake*
leti : *lettuce*
luil (lwil) : *oil*
makawoni : *pasta*
manba : *peanut butter*
mango : *mango*
manje : *food ; to eat*
manje rapid : *fast food*
mayonèz : *mayonnaise*

sote brase : *to stir-fry*
soup : *soup*
soup poul : *chicken soup*
soupdijou : *soup of the day*
tab : *table*
tako : *taco*
tat : *pie*
te : *tea*
te glase : *iced tea*
ti pen won : *rolls*
touna : *tuna*
tranche : *to slice*
tyèd : *luke warm*
vinegrèt : *salad dressing*
vyann : *meat*
woti : *to roast*
yogout; yogout jele : *yogurt; frozen yogurt*
ze : *egg; ze bouyi : boiled eggs*
ze bwouye : *scrambled eggs*

RESÈT POU KÈK PLA AYISYEN

RECIPE FOR SOME HAITIAN DISHES

(III) Vèb

ajoute : *to add*
